

OU MENM AK PITIT OU GEN DWA POU NOU VIV SAN NOU PA SOUFRI VIOLANS DOMESTIK, VIOLANS NAN RELASYON MENAJ, VIOLANS SEKSYÈL, AK TRAFIK MOUN.

Exanp violans nan kay se:

- Bay kout pye, pousad, frappe, bay kalot, peze cou, oswa nenpòt lòt kontak fizik san konsantman ou.
- Menas yo pou touye-ou oswa fè ou menm mal oswa youn moun ou renmen.
- Fè kadejak sou ou.
- Kontwòl ou anba menas yap pwan pitit ou. Pa pèmèt ou wè zanmi ou oswa fanmi ou. Menase ou yap rele polis pou ou oswa yap lage ou nan yon lopital tankou moun fou. Pa pèmèt ou resevwa swen doktè oswa èd sèvis sosyal. Pa ba ou dwa pou gen lajan oswa lòt resous.
- Yap swiv ou avek move lide pou yo toumante ou, voye anpil mesaj ba ou sou entènèt. **Swiv ou avek move lide** se lè moun nan ap swiv ou pèsònèlman pou ou gen la pèrèz epi li fè li san rezon. **Voye anpil mesaj ba ou sou entènèt** se lè moun nan poze zak sa kont ou pèsònèlman lè li sèvi ak entènèt pou fè ou pè.

Misyon Koalisyon Kont Violans Domestik nan Florida (FCADV) se pou kreye youn mond kote pa gen violans ak kote yo bay fanm ak timoun pouvwa pou yo pwan desizyon pou yo elimine violans ak toufonmay endividyèl oswa enstitisyonèl kont tout moun.

FCADV bay direksyon, li pale an favè moun ki gen bezwen, li bay edikasyon, èd teknik ak devlopman, sipò pou sant ki gen pwogram pou violans domestik.

FCADV sèvi tankou ajans ki bay sipò ak direksyon pou 43 sant violans domestik ki sètifye nan eta Florida.

FCADV bay èd legal nan ka sivil pou moun ki viktim nan tout eta Florida pa mwayen Rezo Legal li ak Pwojè pou Èd Legal, ak nimewo ijans pou violans domestik nan tout Florida ki anba direksyon Sèvis Legal



**TTY HOTLINE
1-800-621-4202**

**Oswa sèvi ak Sèvis Telekomunikasyon
Florida ki se 711 pou nou jwenn sant
violans domestik lokal nou.**

Don ki patwone Pwojèsa-a se nimewo 2006-WL-AX-0011 pou Biwo Kont Violans sou Fanm, Depatman Jistis Meriken. Opinyon, Desizyon, Konklizyon, ak Rekomandasyon nan feyè sa-a, se pa ajans ki ekri li, epi tou sa pa vle di li se opinion Depatman Jistis, Biwo sou Violans Kont Fanm



DWA LEGAL NAN FLORIDA POU MOUN KI VIKTIM:

- Violans Domestik
- Violans Nan Relasyon Menaj
- Violans Seksyèl
- Violans ki Repete
- Trafik Moun

**Telefòn Ijans pou Violans
Domestik pou tout eta
Florida-a se:
1-800-500-1119**

**Peze #3 pou Èd Legal
Nou bay sèvis entèprèt**



*Konvèsasyon ou ak avoka sou telefòn ijans la
ak/oswa anplwaye violans domestik yo ap
konfidansyèl e yo ap pwive.*

Lwa nan Florida Pwoteje moun ki viktim VIOLANS DOMESTIK

Violans Domestik se nempòt lè yo ensilte ou, bat ou, fè kadejak sou ou, swiv ou ak move lide, kidnape ou, osinon nempòt lòt krim ki blese kò ou, epi moun ki fè zak la se:

- Moun ou marie ak li oswa ou te marie ak li
- Moun ki fanmi ou
- Moun ki nan kay ak ou epi nou viv tankou fanmi oswa te kon viv kankou fanmi
- Moun ou fè pitit ak li

Lwa Florida Pwoteje moun ki viktim VIOLANS NAN RELASYON MENAJ

Viyolans nan relasyon menaj se violans nan mitan 2 moun ki genyen yon relasyon lanmou oswa ki te genyen yon relasyon lamou ki dire epi ki impòtan. Fòk relasyon sa-a te la nan dènye 6 mwa yo.

Lwa nan Florida Pwoteje moun ki viktim VIOLANS SEKSYÈL

Gen nan moun ki viktim violans seksyèl ki ka jwenn yon enjonksyon kont moun ki agrese yo.

Violans Seksyèl se nempòt zak agresyon seksyèl, nempòt zak imoral ki fèt nan prezans you timoun ki ponkò gen 16 ane, zak pou sedui oswa tante yon timoun, nempòt krim kote yon malfetè fè yon zak seksyèl oswa yo eseye fè yon zak seksyèl.

Lwa nan Florida Pwoteje moun ki viktim VIOLANS REPETE

Violans Repete vle di gen 2 ka violans oswa kote yap swiv ou ak move lide e moun kap fè zak sa se li ki fè abi kont viktim nan oswa fanmi viktim nan. Fòk youn nan ka sa yo pase nan dènye 6 mwa yo.

Lwa Florida Pwoteje moun ki viktim TRAFIK MOUN

Trafik Moun se yon fòm Esklavaj Modèn anba lwa eta florida ak lwa federal. Nan ka Trafik Moun yo fòse viktim nan, bay li manti, oswa kraponay pou yo ka eksplwate li seksyèlman oswa fè li fè travay fòse. Viktim esklavaj modèn gen pwoteksyon anba lalwa epi eta yo ba yo sèvis sosyal ak benefis pou ede yo nan sa yap pase. Lwa Florida konsidere moun ki ap fè oswa eseye fè trafik moun tankou yon kriminèl epi se yon krim 2zième degre li ye (nan kondisyon espesifik).

CHWA LEGAL OU GENYEN

Restriksyon:

Si ou se yon viktim violans domestik oswa lòt kalite violans, oswa si ou gen rezon pou kwè ou an danje ijan pou ou vini yon viktim violans domestik, ou gen dwa pou ou mande tribinal pou pwoteksyon legal kont moun kap fè ou abi-a. Pwoteksyon sa rele youn “restriksyon.” Ou pa gen pou peye lajan lè ou mande tribinal la pou yon restriksyon.

Yon **restriksyon** kont violans domestik ka bay **Lòd** pou:

- Abizè-a oblije rete lwen ou epi pou li pa gen kontak ak ou
- Ba ou dwa sou kay la pou kont ou pandan yon tan
- Anpeche abizè-a antre lakay ou, lekòl ou, kote ou ap travay
- Ba ou chaj timoun yo nan yon entèval
- Oblije abizè-a peye sipò pou ou ak timoun ou ki minè si abizè-a se paran yo
- Mande pou abizè-a al swiv kou pou li kontwole violans li

Restriksyon ki pa nan eta Florida

Si ou vin abite nan Florida epi ou genyen yon restriksyon kont yon abizè nan yon lòt eta, ou ka bay cherif yon kopi sètifye restriksyon-an, epi ou ka mande cherif la pou li mete li nan dosye pou restriksyon sa ka gen valè nan eta Florida.

Deklarasyon Kriminèl

Si ou se yon viktim violans domestik, violans nan relasyon menaj, violans seksyèl oswa violans repete, ou gen dwa mande pwokirè leta pou li ranpli yon deklarasyon kriminèl kont abizè-a.

Imigran

Si ou se yon viktim violans domestik epi ou gen pwoblèm imigrasyon, rele Sant ki pran defans imigran nan Florida (FIAC). FIAC se yon òganizasyon ki bay sèvis legal gratis epi li dedye li pou li pwoteje ak avanse dwa moun pou imigran nempòt kote yo soti. Rele FIAC nan Miami nan 1-305-573-1106, nan homestead 305-247-1057, oswa nan Ft. Pierce nan 1-772-489-4660.

